

Ascension Illinois

Alexian Brothers Behavioral Health Hospital, yo konn rele Ascension Alexian Brothers
Alexian Brothers Medical Center, yo konn rele Ascension Alexian Brothers Behavioral Health
Presence Holy Family Medical Center, yo konn rele Ascension Holy Family
Mercy Medical Center - Aurora
Presence Resurrection Medical Center, yo konn rele Ascension Resurrection
Presence Saint Francis Hospital, yo konn rele Ascension Saint Francis
Presence Saint Joseph Hospital - Chicago, yo konn rele Ascension Saint Joseph-Chicago
Presence Saint Joseph Hospital - Elgin, yo konn rele Ascension Saint Joseph-Elgin
Presence Saint Joseph Medical Center, yo konn rele Ascension Saint Joseph-Joliet
Presence Saint Mary of Nazareth Hospital, yo konn rele Ascension Saint Mary-Chicago
Presence Saint Elizabeth Hospital, yo konn rele Ascension Saint Elizabeth
St. Alexius Medical Center, yo konn rele Ascension Saint Alexius
Presence St. Mary's Hospital, yo konn rele Ascension Saint Mary-Kankakee
Biwo doktè ki anlwaye

Rezime Politik Èd Finansye

Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois, an patikilye ministè sante ki enimerè anwo a, pran angajman pou respekte diyite chak moun, pou bay yon atansyon patikilye ak moun k ap simonte obstak pou jwenn sèvis sante yo. Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois pran angajman tou pou jere resous swen sante li yo tankou yon sèvis pou tout moun nan kominote a. Anplis prensip sa yo, Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois ofri èd finansye pou kèk moun k ap resevwa swen ijans oswa swen ki medikalman nesèsè nan men Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois. Nan rezime sa a n ap jwenn yon prezantasyon tou kout sou politik Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois.

Kiyès ki Elijib?

Ou ka jwenn èd finansye si w abite nan Illinois. Yo souvan detèmine èd finansye ak revni total kay ou an parapò ak nivo povrete federal la.

- Si revni ou a anba oswa egal a 250% nan nivo povrete federal la, ou ka resevwa yon dediksyon 100% pou swen charite nan pati depans ou responsab la.
- Si ou pa gen asirans epi revni ou an pi wo pase 250% nan nivo povrete federal la men li pa depase 600% nan nivo povrete federal la, ou ka benefisye rabè sou yon echèl gradyèl.
- Si ou pa gen asirans epi revni ou an pi wo pase 250% nan nivo povrete federal la men li pa depase 400% nan nivo povrete federal la, ou ka benefisye rabè sou yon echèl gradyèl.
- Si ou gen yon dèt medikal pou swen ijans ak swen medikalman nesèsè ki depase 20% nan revni ou, ou ka benefisye yon rabè.

Si ou gen aktif ki depase 600% kantite revni ou nan nivo povrete federal la ou gen posibilite pou w pa kalifye pou èd finansye. Pasyan ki kalifye pou èd finansye a p ap peye anyen anplis pou swen elijib pase kantite yo konn mande yo peye ak pasyan ki gen asirans yo.

Ki Sèvis Ki Kouvri yo?

Politik Èd finansye a aplike pou swen ijans ak lòt swen medikal nesèsè. Tèm sa yo defini nan Politik Èd Finansye a. Politik Èd Finansye a pa kouvri tout lòt swen yo.

Kijan Mwen Ka Aplike?

Pou aplike pou èd finansye a, ou dwe ranpli nòmalmman yon demann alekri epi bay dokiman sipò, menm jan sa dekri nan Politik Èd Finansye a ak aplikasyon pou Politik Èd Finansye a.

Kijan pou Mwen Jwenn Èd ak yon Demann?

Pou jwenn avèk aplikasyon pou Politik Èd Finansye a ou ka kontakte Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois pandan w ap rele nan 833-272-7581, oswa ekri nan:

Ascension Illinois PFS

Atansyon: Financial Assistance Department

PO Box 74008855

Chicago, IL 60674-8855

Kijan Mwen Ka Jwenn Plis Enfòmasyon?

Kopi Politik Èd Finansye ak fòm aplikasyon pou Règleman sou Èd Finansye a disponib nan <https://www.amitahealth.org/patient-resources/pay-your-bill/financial-assistance> epi nan ministè sante ki site anwo yo. Ou ka jwenn kopi Politik Èd Finansye a gratis ak aplikasyon sou Politik Èd Finansye a tou pa imèl lè w ekri nan adrès ki site anwo a. Ou kapab jwenn enfòmasyon anplis konsènan Politik Èd Finansye a pandan w ap rele nan nimewo telefòn sa 833-272-7581.

Kisa K ap Pase Si Mwen Pa Elijib?

Si ou pa kalifye pou èd finansye daprè Politik Èd Finansye a, ou kapab kalifye pou lòt kategori èd. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Alexian Brothers Health System, ki fè biznis sou non filyal Ascension Illinois pandan w ap rele nan nimewo telefòn sa 833-272-7581; oswa pa imèl, oswa pa ekri jan nou dekri l anwo a.

Tradiksyon Politik Èd Finansye a, demann ak enstriksyon sou Politik Èd Finansye a, ak rezime sa a langaj ki klè yo disponib nan lang sa yo sou sitwèb nou yo epi si w mande:

English; Español (Spanish); Polski (Polish); Tagalog (Filipino); 简体中文 (Simplified Chinese); 漢語 (Traditional Chinese); 한국어 (Korean); Deutsch (German); اُردُو (Urdu); ગુજરાતી (Gujarati); Русский (Russian); Italiano (Italian); हिंदी (Hindi); Français (French); Ελληνικά (Greek); Tiếng Việt (Vietnamese); 日本語 (Japanese); Srpski (Serbian); ภาษาไทย (Thai); Kreyòl (Haitian Creole); босански (Bosnian); ភាសាខ្មែរ (Khmer); Hrvatski (Croatian); فارسی (Farsi); العربية (Arabic)